

Nigeria Coronavirus CivActs Campaign

Issue #8 15.05.2020

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throway this bad sickness comot for our country. One company wey dem dey call Statista talk say na only like half of Naija wey dey see internet use, so make we try help the other half wey no get.

How you suppose dey use ankara face mask


After Federal Government bin don relax lockdown on May 4, dem talk sey e dey compulsory make everybody dey use face mask when dem comot go outside. NCDC sef advise sey make pipo dey use face mask and still no dey too near people outside make the virus no dey spread reach all man side..

Because say hospital face mask don dey scarce for the whole world, different countries don dey try find how citizens go still take dey protect theirself. Face mask wey dem make from ordinary fabric fit block cough water, but hin no dey strong enough to make COVID-19 no catch you.

If you and pipo wey you love no wan catch COVID-19, e dey necessary make you wear your cloth face mask with this additional instruction:



1. No dey go where pipo plenty



2. No dey too near pipo; make sure sey 2 metres dey between you and other pipo.



3. Dey wash your hand with soap and water from time to time.



4. Dey clean surfaces for your domot with soap, water, or disinfectant.



Pipo wey no suppose wear ankara face mask:

Even though you fit dey wear ankara face mask as hospital face mask no dey, some people wey COVID-19 fit cause extra wahala for their body no suppose wear am. Pipo wey need wear hospital face mask na these pipo:



1. Hospital workers and pipo wey dey take care of sick pipo.



2. Pipo wey get sign of chest infection like pipo wey dey cough or dey sneeze.



3. Pipo wey don old and pipo wey get serious health probelm.

How you suppose dey take care of the ankara mask:

E dey important make you handle ankara face mask well as you fit use one many times. Abeg, make sure sey if una dey use ankara face mask make una follow this instruction:



1. Make sure sey you wash the mask and pesin never use am before you start to dey wear am.



2. Wash your hand with soap and water before you touch the mask. If water no dey, use hand sanitizer.



3. Cover your nose and mouth well with the mask, and make sure sey e fit you well and gap no dey for the side.



4. No dey touch or adjust the mask when e dey your face.



5. Wash your hands or use sanitizer before you comot the mask from the rope side.



6. Wash the mask immediately you remove am with soap or detergent, and leave am to dry for inside sun.



7. Iron the mask before you wear am again.



YEYE TORI

If I take lemon and warm water, hin go kill coronavirus before e reach my lungs.

If I inhale steam, the lungs go dey too hot for COVID-19 and the virus go pack comot.

If you bake for inside hot sun, your body go too dey hot for the coronavirus and hin go die.

As I wear facemask, I fit dey go where pipo plenty gather.

Madagascar don develop cure for COVID-19 but Nigerian government dey do strong head, dey no wan buy. Even though you suppose dey drink water and eat fruits normally make your body dey healthy, no fruit fit cure COVID-19. But anytin wey you fit do to boost your immune system make you do am, so long as e dey safe.

This body wey we carry so fit adjust the temperature of air wey dey enter the lungs. If hot air wey no dey adjusted waka enter the lungs, e go wound you. Abeg, make una no dey do the kain things wey go give una personal injury. Call your doctor if you dey suspect sey you don catch COVID-19.

The body get system wey e dey take use adjust temperature; pesin no fit transfer heat from outside body come inside body. If you bake inside sun for long, your skin fit burn, you fit get cancer, and your body fit dry.

If you wear face mask e no mean sey hin dey safe make you too dey near pipo outside; facemask na to make sure sey pipo wey get coronavirus no dey spread am when dem dey breathe, talk, sneeze, or cough. The virus dey small sote, e fit pass through ankara masks and hospital mask. But, if everybody dey wear mask when dem comot outside, the virus no go spread quickly.

The "Covid Organics" health tonic wey Madagascar talk sey hin fit cure coronavirus still dey under testing stage and dem never confirm say e fit cure the virus. We never too sure if e dey work or how e dey take work.

TRUE TORI

VS 🕑

Pipo wey COVID-19 fit affect pass

CDC don talk sey pipo wey fit get high chance of serious sickness if dem catch COVID-19 be:

1. Pipo wey don pass 65 years

- 2. Pipo wey get other sicknesses wey dey worry dem like:
- •Pipo wey don suffer lung infection for long or wey get asthma
- Pipo wey get serious heart condition
- •Pipo wey their immunity dey low
- Pipo with obesity
- •People with diabetes
- Pipo wey get kidney disease wey dey go dialysis
- Pipo with liver disease

Because some pipo fit get the virus but e no go show for their body, e dey important make everybody dey responsible dey make sure sey pipo wey fit suffer the virus more much no dey at risk.

NCDC lab network

Nigeria get fifteen lab wey dem dey use test for COVID-19 and all of them dey the NCDC molecular lab network. Dem be:

- 1. NCDC National Reference Laboratory, FCT
- 2. Defence Reference Laboratory, FCT
- 3. Virology Laboratory of Lagos University Teaching Hospital, Lagos State
- 4. Biosafety Level-3 Laboratory, Lagos State
- 5. Irrua Specialist Teaching Hospital, Edo state
- 6. Nigerian Institute of Medical Research, Lagos State
- 7. Virology Laboratory of University College Hospital, Oyo State
- 8. Federal Teaching Hospital Abakaliki (FETHA), Ebonyi State
- 9. African Centre of Excellence for Genomics of Infectious Diseases, Osun State
- 10. National Veterinary Research Institute, Vom, Plateau State
- 11. Aminu Kano Teaching Hospital, Kano State
- 12. DNA Laboratory, Kaduna State
- 13. University of Maiduguri Teaching Hospital, Borno State
- 14. Usman Danfodio University Teaching Hospital Sokoto
- 15. Ahmadu Bello University, Zaria, Kaduna

Health officials wey wan transport samples or wey dey find advice for COVID-19 case fit call 07032864444.

